**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

**TARIYX FAKULTETI**

**«MILLIY IDEYA, RUWXI’YLI’Q TIYKARLARI’ HA’M HUQI’Q TA’LIMI» KAFEDRASI**

*«Filosofiyanın’ ulıwma teoriyalıq ma’seleleri»* pa’ninen

# KURS JUMI'SI'

**Tema:** XX-a`sirde filosofiyalıq ko`z-qaraslar rawajlanıwının` tiykarg`ı qa`siyetleri

Qabıllag’an: Tanimov Sh.

Orınlag’an: Quandikov R.

**No’kis – 2015**

## JOBASI’:

**Kirisiw..........................................................................................3**

**1-Bap. XIX-XX a`sir aqırında Batıs Evropada filosofiyalıq pikirdin` rawajlanıwı.....................................................................5**

1.1. XIX-XX a`sir aqırı Batıs Evropada sotsial-siyasiy jag`day...........................................................................................5

1.2. Germaniyadag’ı filosofiyalıq pikirler......................................8

**2-Bap. XX-a`sir filosofiyasındag`ı tiykarg’ı bag’darlar.............13**

2.1. Neotomizm jan’a da’wir filosofiyalıq bag’darı sıpatında.......13

2.2. Neokantshılıq bag’darı ha’m onın’ tiykarg’ı mektepleri........15

**Juwmaqlaw......................................................................22**

**Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi..........................................24**

# KIRISIW

**Kurs jumısı temasının` aktuallıg`ı.** Jan`a da`wir filosofiyalıq pikirinin` a`hmiyetli bag`darlarınan birin ag`artıwshılıq filosofiyası quraydı. Ol Batıs Evropanın` jetik ma`mleketlerinde, tiykarınan Angliya, Gollandiya, Frantsiya, Germaniyada qa`liplesti ha`m rawajlandı.

XIX–XX a`sirler Batıs Evropa rawajlanıwında jan`a da`wir esaplanadı. Bul da`wir Evropa ma`mleketlerinde Orta a`sirshilik feodal mu`na`sebetleri tamamlanıp, kapitalistik qatnasıqlar tolıq qarar tabadı ha`m rawajlana baslaydı. Kapitalistlik islep shıg`arıw talabı ta`biyattı, insannın` o`zin ja`miyetti ilimiy u`yreniw, biliwdi talap etedi ha`m onı u`yreniwdi tezlestiredi. Ten`izlerde sawda qatnasıqlarının` o`siwi kemesazlıqtın` rawajlanıwına, kemeler Jer sharı boylap ilimiy ekspediyiyalardın` sho`lkemlestiriliwi, jan`a jerler, jan`a kontinentlerdin` ashılıwına alıp keledi. Jan`a geografiyalıq ashılıwlar qılınadı. Na`tiyjede, ta`biyattanıwshılıq bilimleri, mexanika, matematika, fizika, ximiya, astronomiya tarawlarında jan`a-jan`a izertlewler alıp barılıp, orta a`sir sxolostikası ha`m diniy ta`liymatlardı ısırıp taslaydı. Jan`a ilimiy du`n`ya qaras qa`liplese baslaydı

Usı ko`z-qarastan qarag`anda, jas a`wlad bilimdi ja`nede rawajlandırıwda XX-a`sir Batıs Evropa filosofiyası ta`liymatlarının` ornı sheksiz esaplanadı.

**Kurs jumısının` maqseti:** XX-a`sir Batıs Evropa filosofiyalıq ta`liymatların tariyxıy kontekste qarap shıg`ıw ha`m onın` bu`gingi ku`n sotsiallıq turmısımızdag`ı a`hmiyetin ken` tu`rde jarıtıp beriw kurs jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti bolıp tabıladı.

**Kurs jumısının` wazıypaları:**

- XIX-a`sir aqırı ha`m XX-a`sirde Batıs Evropada filosofiyalıq pikirdin` rawajlanıwın analizlew;
- XX-a`sirde Batıs Evropada sotsial-siyasiy jag`daydı u`yreniw;

- XX-a`sirdegi Batıs Evropadag'ı filosofiyalıq ta'liymatlardı ha'm olardag'ı ko`z-qaraslardı ko`rip shıg`ıw;

- XX-a`sirdegi Batıs Evropa filosofiyalıq mekteplerindegi ko'z-qaraslardın' bu'gingi ku'n ushın a'hmiyetin izertlew.

**Kurs jumısının` obekti.** XX-a`sirde Batıs Evropa filosofiyalıq ta'liymatlarının` qa`liplesiw ha`m rawajlanıw tariyxının` o`zgeshelikleri bolıp tabıladı.

**Kurs jumısının` predmeti.** XX-a`sirde Batıs Evropa filosof, oyshıllarının` sotsiallıq-siyasiy, filosofiyalıq ko`z-qarasları.

**Kurs jumısının` strukturası.** Kurs jumısı kirisiw, 2 bap, 4 paragraf, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlardan ibarat.

## 1-Bap. XIX-a`sir aqırında Batıs Evropada filosofiyalıq pikirdin` rawajlanıwı

### *1.1. XIX-a`sir aqırı Batıs Evropada sotsial-siyasiy jag`day*

XX-a`sir sotsiallıq sistemalar ushın ha`m ruwxıy a`dep-ikramlıq printsipler, bahalıqlar ushın ha`m qatan` sınaq da`wiri. Da`wir individlerdin`, ja`miyetlik toparlardın` maqset ha`m ideallarının` qanshalıq da`rejede bekkemligin tekserip otır. Bul qıyın qarama-qarsılıqlı, konfliktli, ju`da` dinamikalıq da`rejedegi da`wirdi XIX a`sirdin` aqırındag`ı ha`m XX a`sirdegi filosofiya qalay sa`wlelendiredi, mine bul ju`da` qızıg`arlı ma`sele. XX-a`sir filosofiyası qanday tiykarg`ı juwmaq penen ideyalıq gu`res arenasına shıqtı ha`m qanday liniya menen olardın` evolyutsiyası ju`rip otır. Bul sorawlarg`a juwap beriw an`sat emes. XX-a`sir filosofiyası - ha`r tu`rli mektep, bag`dar, kontseptsiyalar. Olar og`ada ko`p. Sol sebepli olardın` en` tiykarg`ılarına toqtap, olar ko`tergen problemalar ha`m ideyalar tuwralı aytıw, sonday-aq olardın` sheshiliwi ha`m t.b. XX-a`sirdin` filosofiyasının` filosofiyalıq oydın` rawajlanıwına qosqan u`lesi tuwralı ha`m aytıw ju`da` orınlı bolsa kerek.

Bizin` a`sirimizdin` filosofiyasının` ag`ısı, a`lbette, o`zi menen birge qıyın izleniste payda bolg`an qarama-qarsılıqlı, tamam bolmag`an, biraq son` ala rawajlanıw mu`mkinshiligine iye podxodlar menen ideyalardı alıp keldi. Og`an do`retiwshilik biliwdin` bulaqları g`ana emes, dogmatizmnin` elementleri ha`m enisti.

Filosofiyadag`ı jan`a, ta`biyiy tu`rde jan`a sıpatında ol go`nege qarsı turıp, onın` menen salıstırılsa g`ana ko`rinedi. Sol sebepli filosofiyanın` klassikalıq ha`m klassikalıq emes (zamanago`y ken` ma`niste) tiplerin salıstırıw ju`da` durıs boladı. Matematikalıq, ta`biyattanıw ilimlerinde «klassikalıq ilim», «klassikalıq emes (ha`zirgi ken` ma`niste) ilim» tu`sinikleri qashshannan bar. Ma`selen, Evklid geometriyası-klassikalıq

ilimnin` u`lgisi. Ol ko`p a`sirler boyı hu`kim su`rdi, sonday aq N`yuton fizikası. A`yyemgi grek so`zin qollansaq, filosofiyalawdın` paradigmaları o`zgeredi. Bul bahalıqlardı qayta bahalaw ken` ruwxıy protsessinin` ishki tuwısqanlıg`ı ha`m sotsiallıq-tariyxıy belgilengenligi haqqındag`ı oydı alıp keledi. Bul protsess bizin` ku`nlerimizde ha`m tamam bolg`an joq.

Klassikalıq emes filosofiyanın` qa`liplesiw ha`m rawajlanıwın klassikalıq filosofiyanın` tiykarg`ı printsiplerin bilmey tu`siniw qıyın.

XX-a`sir filosofiyasının` klassikalıq filosofiyalawdın` printsiplerinen ajıralıwı, bo`lekleniwi tuwralı ma`seleni qoyar ekenbiz, onın` a`hmiyetliligi ju`da` seziledi. Aqırı, ta`biyat, tariyx, adam tuwralı bas ideyalar, a`dette, tek g`ana jalg`ız filosofiyanın` iygiligi emes, anaw ya mınaw da`wirdin` hu`kim su`riwshi printsiplerin, ideyaların, ma`deniyatının` bahalıqların sa`wlelendiredi. Olar arqalı filosofiya o`zinin` da`wirin «oylarda an`laydı».

Klassikalıq emes oylawdın` filosofiyalıq klassikanın` printsipleri menen soqlıg`ısıwın tolıg`ıraq qaraw ushın aqıl-oy (razum) problemasın mısalg`a alayıq. Bul aqıl-oy probleması jan`a da`wir filosofiyasının` o`zek probleması. Bul da`wirdin` filosofları aqıl-oydı ken` tu`sindiriwge umtıldı. Olardın` pikirinshe, ta`biyat, tariyx, adamnın` iskerligi, olarg`a tiyisli ishki «aqıl-oyg`a sıyımlılıq penen» (razumnost`) ha`reketke iye.

Durıs, XVIII-a’sirlerde filosoflar aqıl-oydı (razum) adamg`a ta`n biliw uqıplarının` biri sıpatında tu`sindiredi: aqıl-oydın` arqasında adam oylaydı, tu`sinikler qa`liplestiredi, olar menen operatsiyalaydı. Ratsionallıq iskerliktin` ramkasında eki plast bo`linedi. Birinshisi ta`jiriybege tiykarlang`an oylaw iskerligi. Demek, bul pikirlew, da`liyllew esap ha`m t.b. ja`rdeminde a`melge asırıladı. Ekinshisi, ta`jiriybenin` u`stinde turatug`ın, ta`jiriybeden u`stinlikke iye oydın` iskerligi. Birinshisin, aqıl-es (rassudok), ekinshisin, aqıl-oy (razum) dep atadı. Geyde aqıl-es penen aqıl-oydın` birligin intellekt dep atadı. Jan`a da`wir tusında filosoflar tek adamzat oyının`

u`lken mu`mkinshilikleri tuwralı g`ana emes, onın` sheklengenlikleri tuwralı ha`m ayttı. Aqıl-oyg`a (razum) kritikalıq qatnasta bolg`anlardın` biri İ. Kant («Taza aqıl-oydı kritikalawdı») yadqa tu`sireyik.

Oydın` tariyxında aqıl-oydın` ken` tu`sindiriliwinin` payda bolıwı sebebi sonda, shınıda da «individuallıq aqıl-oydın`» ramkasınan shıg`atug`ın qıyın problema payda boladı. XVIII-XIX a`sirdin` klassikalıq oyında aqıl-oydı individuallıq uqıp sıpatında kritikalaw menen bir qatarda individuallıq tısqarı aqıl- oydı dan`qqa bo`lew tendentsiyası ha`m ku`sheydi. Onın` produktları ha`m formaları (ideyalar, tu`sinikler, teoriyalar, ideyalar, normalar, bahalıqlar) individuumnan bo`leklengen ha`m adamzat ma`deniyatının` ramkasında o`mir su`redi. Ruwxıy iskerliktin` individuallıq ha`m individuallıqtan tısqarı formalarının` ja`rdeminde adam du`n`yanı men`geredi, du`n`yanı oyda bir waqıttın` ishinde eki esege arttırıp tanıp biledi. Bul «qudaylıq» aqıl-oydın` teologiyalıq, idealistlik kontseptsiyalarının` real` tiykarı yamasa absolyut ruwx, joqarg`ı aqıl-oydın`, du`n`yanın` rawajlanıwın basqaradı degen tastıyıqlawg`a tiykar boldı.

Klassikalıq oydı sıng`a alıw bahalıqlardı qayta bahalawlar menen ha`m baylanıslı. Bunın` za`ru`rligi batıs tsivilizatsiyası tap bolg`an krizis penen ha`m baylanıslı. Ma`selen, waqtında da`bdebeli bolg`an. Shpenglerdin` (188-1936j.) «Zakat Evropı» (1918j.) atlı shıg`arması «krizistin` filosofiyasının`» tiykarg`ı tendentsiyasın qısqasha an`latıw sıpatında boldı. Bul filosofiyanın` antiklassikalıq ustanovkasın ju`da` anıqlıq penen belgili ispan filosofı Xose Ortega-i-Gasset ko`terip shıqtı. Onın` pikirinshe, evropalı krizis pu`tkil klassikanın` krizisi sıpatında boldı.

### *1.2. Germaniyadag'ı filosofiyalıq pikirler*

Germaniyanın` klassikalıq filosofiyası gey bir alımlardın` pikirinshe, frantsuz revolyutsiyasının` nemetslik teoriyası bolıp, bir ta`repten frantsuz oyının` aqıl-oydı tu`siniwin sıng`a aldı. Al, ekinshi ta`repten «haqıyqıy», «taza aqıl-oydın`» mu`mkinshiliklerin joqarı bahaladı. Kanttan Gegel`ge shekemgi jol - bul sonday jol, onda aqıl-oydı Kantsha adamnın` joqarg`ı, biraq kritikalıq bahalanatug`ın uqıbı Gegel`din` «Qudaylıq» aqıl-oyının` kul`tına ornın berdi.

Bunı jasawg`a, boldırıwg`a a`lbette birinshi gezekte Gegel`din` o`zi qatnaslı. Durıs, ma`deniyatta aqıl-oydı (razum) haqıyqıy gegel`lik (ju`da` mazmunlı, quramlı, qarama-qarsılıqlı) tu`siniw emes, al ju`da` a`piwayılasqan gegel`lik model` ken` orın aldı.

Usınday klassikalıq filosofiyadag`ı ma`lim individuallıqtan tısqarı aqıl-oydın` «jen`isli ju`risine» isenim individtin` ratsionallıq sanasının` ku`shine, qu`diretine isenim menen tıg`ız baylanıslı edi. Ha`tteki Kantqa usap ju`da` joqarı da`rejedegi ratsionalistlik u`mitke isenbese de, ilimge, onın` progressine, adam oyının` ku`shine ju`da` isendi.

Solay etip, jan`a da`wirde aqıl-oydın` ilimnin` progressi arqalı jetiliwine isenim hu`kim su`rdi. Bul na`rse sol waqıttag`ı ko`p g`ana filosoflarda aqıl-oy (razum) adamzat ja`miyetin qayta qurıwdın` bas, en` jaqsı quralı sıpatında isenimge o`tip ketti. Bunday aqıl-oydın` ashıq -aydın formasınan bolıp ilimiy biliw esaplanadı. Degen menen ko`p g`ana u`mit ha`r bir adamg`a tiyisli aqıldı (rassudok), biliwge uqıptı ta`rbiyalawg`a qaratıldı. Bul tiykarda aqıl-oy (razum) massanın` bilimlendiriliwi menen, al bilimlendiriw demokratiya menen baylanıstırıldı.

Bilim ha`m ratsionallıq bilim adam ha`m adamzat aldında turg`an barlıq problemalardı waqıttın` o`tiwi menen sheshiw mu`mkinshiligine iye bas, sheshiwshi ku`sh sıpatında dag`azalandı. Bul qoyılg`an ullı wazıypalardı

atqarıw ushın klassikalıq filosoflardın` pikirinshe, bilim anıq, da`liylli, gu`man bodırmaytug`ın qatan`, minsiz, logikalıq sistemag`a tu`sken bolıwı tiyis. Bunday bilim ha`m qorshag`an du`n`ya arasında ishki kelisim bar. Sebebi adamdı qorshag`an du`n`yada, du`n`yanı klassikalıq tu`siniwge muwapıq jasırın ishki aqılg`a sıyımlı ta`rtip bar. Onı ashıw adamzattın` aqıl-oyına g`ana qolaylı. A`lbette, bul ushın ol biliwdin`, ha`m da`liyllewdin` a`piwayı ha`m anıq qa`delerin, demek biliwdin` durıs metodın tapsa g`ana boladı.

Qorshag`an du`n`yanın`, biliwdin`, bilimnin`, biliw metodının` problemaların g`ana emes, quday din ma`selelerin ha`m ratsionalistlik tu`sindiriw talap etildi. İ. Kanttın` shıg`armalarının` biri ha`tteki «Aqıl-oy shegarasındag`ı din» dep ataladı.

Filosof-klassikler ulıwma adamzatlıq gumanistlik ideallar ha`m printsipler, en` aldı menen erkinlik idealı adamzattın` jeke adam sıpatında qa`dir-qımbatı printsipi ratsionallıq jol menen tanıp biliniwi ha`m moyınlanıwı mu`mkin ha`m tiyis degen isenimdi maqulladı. Filosofiyag`a praktikanın`, ilimnin`, ma`deniyattın` binasın en` joqarg`ı qabatlar menen - g`alabalıq tuwralı teoriyalıq oylaw sisteması menen u`ylestiriw wazıypası ju`klendi. Demek, tutas bolmıs, adam ha`m onın` g`alaba ma`nisi, ja`miyet, biliwdin` g`alabalıq printsipleri ha`m metodları, ha`mme adamlar ushın barlıq waqıt ta`n bolg`an a`dep-ikramlılıqtın` normaları tuwralı ha`m t.b. kirdi. Jekelik tuwralı ma`seleler, ma`selen, jeke adamlar, olardın` erkinligi, huqıqları, oyları, qıynalıwları tuwralı ma`seleler ha`m qoyıldı, biraq tiykar, ma`nis, g`alabalıq tuwralı ma`selege (adam tuwralı, ulıwma adamnın` ma`nisi tuwralı) bag`ındırıldı.

A`lbette, filosofiyalıq klassikada ha`m ulıwma kartinadan tu`sip qalg`an ta`liymatlar boldı. Ma`selen, klassikalıq ratsionalizmge ken` ma`niste mistikalıq, agnostiklik, skeptiklik ko`n`il-ku`yler qarsı da turdı, geyde onın`

ishine de kirdi. Biraq jan`a da`wirde skeptitsizm ha`m ilimge isenimdi saqladı ha`m tutaslay alg`anda ratsionalistlik ha`reket boldı. Baslısı sol, XIX-a`sirdin’ ortalarına deyin ratsionalizmnen ajıralıp turg’an, hatte og’an qarsı turg’an ideyalıq ha’reketler aytarlıqtay o’zgeris boldıra almadı.

Gegel` dialektikanın` nızamlapı ha`m kategopiyalapı haqqında ta`liymattı pawajlandıpdı. Bipinshi pet sistemalıq tu`pde dialektikalıq logikanın` tiykapg`ı jag`daylapın islep shıqtı ha`m sol da`wipdin` ta`liymatlapında hu`kim su`pgen oylawdın` metofizikalıq metodına qapsı shıqtı. Kanttın` o`zlik zatına «dialektikalıq» ppintsipti qapsı qoydı. Tiykar ko`rinedi, qubılıs ma`niske, tiykarg`a iye. Gegel` kategopiyalap haqıyqatlıqtın` ob`ektiv fopmalapı bolatug`ınlıg`ın tastıyıqladı. Onın` tiykapında «jep ju`zlik aqıl-oy», «absolyut ideya» ha`m «jep ju`zlik puwx» bap. Bul iskeplikli baslama, ol du`n`yanın` payda bolıwına ha`m pawajlanıwına impul`s bepedi. O`zin-o`zi tanıp biliw ppotsessinde jep ju`zlik aqıl oy u`sh etaptı o`tedi - o`zin-o`zin tanıp biliwshi absolyut ideyanın` o`zinde, oylaw stixiyasında bolıwı, demek ideya o`zinin` mazmunın dialektikanın` nızam ha`m kategopiyalapı sistemasında ashadı (Logika). İdeyanın` «basqasha bolmıslanıwı» fopmasında ta`biyattın` qubılıslapı tu`pinde pawajlanıwı, basqasha aytqanda ta`biyattın` o`zi emes, al tek kategopiyalap pawajlanadı (Tabiyat filosofiyası). İdeyanın` oylawda ha`m adamzat tapiyxında pawajlanıwı (Ruwx filosofiyası). Bul juwmaqlawshı etapta absolyut ideya o`zine qaytadı ha`m o`zine adamzat sanası ha`m o`zin o`zi sapalı tu`pde tanıp biliw fopmasında jetedi.

Pawajlanıw ideyası Gegel`din` pu`tkil filosofiyasın o`z ishine aladı. Onın` pikipinshe, pawajlanıw tuyıq shen`bep apqalı emes, al izbe-iz, to`mennen joqapıg`a qapay boladı. Bul ppotseste sanlıq o`zgepislepdin` sapalıq o`zgepislepine o`tiwi boladı, al pawajlanıwdın` depegi- qapsılıqlap. Qapsılıqlap qa`legen o`zinen-o`zi ha`peketti qupaytug`ın ppintsip.

Gegel`din` filosofiyasında haqıyqatlıq dialektikalıq o`tiwlerdin` shınjırı sıpatında.

Gegel`din` tapiyx filosofiyasının` ma`nisin «tapiyxta aqıl-oy» so`zi menen ko`psetiw mu`mkin dedi. Aqıl - oy, Gegel`she, jep-ju`zlik tapiyxıy baslama. Ol tapiyxta jep ju`zlik puwxtın` yamasa absolyut ideyanın` pawajlanıwı sıpatında boladı.

Pu`tkil tapiyx, bul oydın` tapiyxı, aqıl oydın` o`z-o`zinen pawajlanıwı. Jep ju`zlik tapiyxtın` maqseti jep ju`zlik puwxtın` o`zin-o`zi tanıp biliwi. Bul ppotseste ol bip qansha konkpet basqıshlapdı o`tedi. Ol xalıq puwxına ja`mlenedi. Bul nızamlap, ma`mleketlik mekemelep, iskusstvo, yaki, filosofiyanın` bipligin qupaydı. Anaw ya mınaw da`wipde jep ju`zlik puwxtı alıp keliwshi ma`lim bip xalıqtın` puwxı boladı. Al bul waqıtlapı basqa xalıqlap o`zinin` en` joqapı gu`lleniwine o`tti, olap mu`mkinshiliklepin tawıstı, endi o`tiwge qapadı. Endi birewleri payda bolıp kiyatır. Gegel`de aqıl -oy tapiyxta solay a`melge asıpıladı, ha`p bip xalıq o`zin-o`zi biliwdin` puwxına o`zinin` u`lesin qosadı. Bipaq bul ppotsess xaotiklik emes. Gegel` jep ju`zlik tapiyxtın` da`wiplepge bo`liwdin` anıq kpitepiyasın opnatadı. Ol epkinlikti tanıp biliwdegi ppogress. Og`an bul alg`a ilgepilewde to`pt etap sa`ykes keledi 1) shıg`ıs du`n`yası, 2) gpek du`n`yası, 3) pim du`n`yası, 4) gepman du`n`yası.

Shıg`ıs xalıqlapında epkinlik bolmadı. Tek g`ana bip adam-despot epkinlik bolıp esaplandı. Sonlıqtan bul jepde birinshiden, zoplıq-zombılıq, bassınıwshılıq, qumapdın` ma`sku`nemlikke bupılıwı, ekinshi tarepinen, soqıp tu`pde bag`ınıw -xalıq puwxının` belgisi.

Gpek-pim du`n`yasına epkinlik ta`n, bipaq ol sheklengen shegapada-geybipewlep ushın g`ana sanalı tu`pde tanılıp bilindi. Sonlıqtan Gpek-pim du`n`yasının` ma`mleketlik du`zimi qullıqtı biykaplamadı. Bipaq gpek ha`m pim du`n`yasının` puwxı ha`p tu`pli opientatsiyag`a iye boldı. Egep gpek

du`n`yası ushın go`zzal individuallıq ppintsiptin` o`mip su`piwi xapaktepli bolg`an bolsa, pim du`n`yası ushın «abstpakt g`alabalıq» ta`n boldı. Tolıq epkinlik o`zinin` ko`pinisin tek gepman xalıqlapında g`ana taptı. Olar o`zlerinin` tariyxıy rawajlanıwlarında Refopmatsiya ha`m Frantsuz revolyutsiyasının` jemislerin miyraslar, g`alaba puxaralıq ha`m siyasiy erkinlikke eristi. Solay etip, Gegeldin` pikirinshe, jer ju`zlik tariyx xalıqlapdın` epkinliginin` ha`m peal` tupmısının` ja`mlengeni. Ol jep-ju`zlik tariyxtın` u`zliksiz tariyxıy protsesstin` o`zinshe, ayrıqsha basqıshları boyınsha ullı saltanatı. Haqıyqıy tapiyxtı, Gegel` xalıqtın` turmısının` ma`mleketlik huqıqıy sho`lkemlesiwi menen baylanıstırdı, al aqılg`a sıyımlı ma`mleketlik du`zimge baylanıslı progress ulıwma tariyxıy progress penen baylanıstırıladı. Gegel` german xalqı g`ana aqılg`a sıyımlı ma`mleketlik du`zimdi ornattı ha`m ol jer ju`zlik tariyxıy protsessti haqıyqıy alıp keliwshi bolıp esaplanadı dep tu`sindirdi.

Gegel` islep shıqqan metodtın` fiolosofiyası biliwdin` sheksizligine qaratılg`an bolıp, teren` ishki qarsılıqlarg`a da iye. Onın` ob`ektiv tiykarı absolyut ruwx, al maqseti-bul absolyut ruwxtın` o`zin-o`zi tanıp biliwi. A`lbette biliw biraz sheklengen. Basqasha aytqanda, biliw sisteması biliw basqıshlarının` tsiklın o`tey otırıp, son`g`ı basqısh penen o`zin-o`zi tanıp biliw menen tamamlanadı. Bunın` a`melge asırılıwı Gegel` filosofiyasının` o`zi. Solay etip Gegel`din` metod ha`m sistemasının` arasındag`ı qarsılıq sheklilik ha`m sheksizlik arasındag`ı qarama-qarsılıq. Bul qarama-qarsılıq burınnan son`g`ı rawajlanıwdın` deregi bola almaydı.

# 2-Bap. XX-a`sir filosofiyasındag`ı tiykarg'ı bag'darları

## *2.1. Neotomizm jan'a da'wir filosofiyalıq bag'darı sıpatında*

Jan`a tomizm (neotomizm) – katolik filosofiyasının` jetekshi bag`darı, Vatikannın` ra`smiy ta`liymatı sıpatında ta`n alıng`an ha`m orta a`sir filosofı Foma Akvinskiy ta`liymatı – tomizmnin` ha`zirgi zamandag`ı tu`ri esaplanadı. Tomizm tiykarların tiklewge qaratılg`an birinshi urınıslar XIX-a`sirdin` ortalarına tiyisli bolsa, katolik shirkewinin` filosofiyanın` ta`liymatı sıpatındag`ı ra`smiy da`rejesin ol 1879-jılda papa Lev XIII tin` «Aeterni Patris» atlı entsiklikida (pa`rmanında) aldı. Jan`a tomizmnin` en` ataqlı wa`killeri Dezire Mers`e (1851-1978), Jak Marten (1882-1973), Et`en Jil`son (1884-1972) ha`m basqalar edi.

Jan`a tomizm Oyanıw da`wiri ha`m Jan`a zaman filosofiyasın orta a`sirler katolik filosofiyası ha`m ma`deniyatının` qa`diriyatların jemirgenligi ushın kritika astına aladı. Jan`a tomistshiler o`z filosofiyalıq ko`z-qarasların idealizm ha`m materializm, stsientizm ha`m antistsientizmning «asa ketkenligin» joq etken ha`mde isenim ha`m aqıl, ilahıylıq ha`m filosofiya, din ha`m ilimdi birden-bir pu`tinlikke birlestirgenulıwma filosofiya sıpatındaanaliz etedi.

Jan`a tomizm ko`z-qarasınan filosofiya o`zine eki quram bo`legin birlestiredi: bolmıs haqqındag`ı ta`liymat sıpatındag`ı metafizikanı ha`m ta`biyat filosofiyasın. Ko`binshe onı birinshi sebepler ha`m ulıwma alg`ashqılar haqqındag`ı ilim sıpatında ta`riypleydi. Basqasha ayıtqanda, filosofiyanın` tiykarg`ı mazmunın metafizika quraydı. Metafizikanın` tiykarları transtsendent (arg`ı du`n`ya) qa`siyetke iye bolıp, ilim da`liyllerden g`a`rezsiz jag`dayda bolıp, olardan ketirip shıg`arılmaydı.

Jan`a tomistshe bolmıs haqqındag`ı ta`liymat sap (İlahiy) Bolmıs (yaki bolmıstın` o`zinin` ma`nisinde) ha`m jaratılg`an bolmıstı ajıratıp ko`rsetedi. Bolmıs ha`m bar na`rseler bir-birinen parıqlanadı. Bolmıs du`n`yanın`

jalg`ızlıg`ı manis-mazmunın su`wretleydi, bar bolıw bolsa – ayrıqsha bar bolg`an ha`m sezimlik zatlardı bildiredi. Bolmıs barlıq na`rseni o`z ishine sıydıradı: ol o`zinde barlıq bar na`rselerdi ha`m imkanı bolıwı mu`mkin bolg`an na`rselerdi de qamrap aladı. Qudayda mazmug ha`m bar bolıw ten` esaplanadı, biraq jaratılg`an bolmısta ma`nis-mazmun bar na`rselerden aldın keledi. Sap bolmıs sheksiz, transtsendent ha`m aqıl menen biliwge meyil esaplanadı. Onın` ushın baslı na`tiyje ta`jriybede bilip alsa bolatug`ın birlikler du`n`yası ha`m sezimlik zatlardın` qa`siyetleri ta`n emes esaplanadı. Sonın` ushında, onı ta`jriybege tayanatug`ın tu`sinikler ja`rdeminde su`wretlew mu`mkin emes. İlahiy Bolmıs haqqında tek tu`siniklerden joqarı turıwshı, transtsendentaliyler dep atalg`an,, bolmıs penen bir qatarda jaylasqan ha`m ta`jriybe menen baylanıslı bolmag`an na`rseden paydalanıp g`ana pikir ju`ritiw mu`mkin. Usı transtsendentaliyler Bolmıstın` tiykarg`ı «ko`rinisi» bolg`an: jalg`ızlıq, haqıyqat, jaqsılıq, go`zzalıqtı su`wretleydi.

Jan`a tomizmge muwapıq, Quday menen jaratılg`an bolmıs ortasında uqsaslıq bar, Bolmıstın` uqsaslıq qag`ıydasına ko`re: «Quday jaratılg`annan ko`re, pu`tkilley basqasha bolmıs esaplanadı, biraq onın` bolmısın du`n`yanın` bolmısınan tu`sinse boladı».

Jaratılg`an bolmıs du`n`yasın jan`a tomizm Arastug`a barıp taqalatug`ın gilemorfizm tiykarında tu`sindiredi: usı du`n`yanın` barlıq zatları ha`m buyımları materiallıq ha`m ruwxıy formalar birliginen ibarat bolıp tabıladı. Material – bul iskerliksiz juwmaq, imkaniyatdag`ı na`rse bolıp, tek forma sebepli aktivlik ko`rsetedi. Mine usı formalar g`ana bar bolg`an du`n`yanın` ha`r qıylı ko`rinislerin: jansız material, o`simlikler, haywanlar ha`m insandı ju`zege keltiredi. Formalar forması Quday esaplanadı. Bul ulıwma forma materialg`a biygana bolıp, barlıq na`rselerdi hesh na`rseden quradı.

Jan`a tomistshiler biliw teoriyasın ilahiylıqqa ta`n ratsionalizm sıpatında analiz qılıw mu`mkin. Bir ta`repten, jan`a tomistler du`n`yada aqılıy ta`rtipti

payda etiwshi «İlahiy aqıl» ta`liymatına qarama-qarsı bolg`an, irratsionalizmdi kritikag`a aladı. Bunnan tısqarı, olar mistitsizmge qarsı turg`an Qudaydı aqılıy ha`m logikalıq tu`siniwdi ta`n aladı. Ekinshi ta`repten, jan`a tomistshiler klassikalıq ratsionalizmdi sientizmde ha`m insan bilimleri imkaniyatın asırıp jiberiwde kritikalaydı.

Biliw teoriyasında jan`a tomizm haqıyqattın` eki tu`rin parıqlaydı: ilahiy isenimge ko`re zatlar, ha`diyseler yaki protsesslerge muwapıq keliwi baylanısqan bolmıs haqqındag`ı haqıyqat (snontologik) ha`m insanlar iskerligin biliw menen baylanıslı bolg`an logikalıq haqıyqat. Bolmısqa ta`n haqıyqat logikalıq haqıyqattın` mazmunı bolıp tabıladı. Jan`a tomizmde seziwlik ha`m ruwxıy biliw biliw bir-birinen ajıraladı. Birinshisi, materiallıq ha`m qandayda bir na`rsege qaratıladı ha`m hesh qashan bolmıs sıpatında bar bolmag`an na`rseni de, inteleggibel ma`nis-mazmundı da bile almaydı; ekinshisi bolsa tikkeley bolmısqa qaratıladı. Foma Akvinskiy izinen barıp jan`a tomizm isenim ha`m aqıldın` u`ylesligi qag`ıydasın dag`azalaydı. Din alım jolında tosıq bolıp turmaydı, biraq onı qashandur, ma`selen arg`ı du`n`yag`a barıp (transtsedent)taqalatug`ın bolsa, o`z imkaniyatların artıqsha bahalap jiberiwden saqlanıwg`a u`ndeydi. Aqır aqıbetinde, u`stinlik isenimge baylanıslı boladı.

### *2.2. Neokantshılıq bag'darı ha'm onın' tiykarg'ı mektepleri*

Neokantlıq filosofiyalıq ag`ım sıpatında XIX-a`sir aqırı XX-a`sir basında Germaniyada ju`zege keledi. Son`ın ala ol Avstriya, Frantsiya, Rossiya ha`m basqada ma`mleketlerde en` jayadı. Ko`plegen neokantshılar Kanttın` «na`rse o`zinde»sin biykarlaydı ha`m biliwdin` sanadan tısqarıda bolıwın inkar etedi. Olar filosofiyanın` maqseti sıpatında maxizmnan ko`re ko`birek ashıq-aydın

ha`m izshil bolg`an idealizm pozitsiyasınan ilimiy biliwdin` metodologiyalıq ha`m logikalıq tiykarların islep shıg`ıwda dep biledi.

Neokantlıq o`zinin` siyasiy bag`darı boyınsha liberallardan ko`re ha`dden tısqarı on`shıl siyasiy jen`illik ha`m reformalar o`tkizgen ha`r qıylı burjuaziyalıq qatlamlardın` ko`z-qarasın sa`wlelendiriwshi – ko`p qırlı ag`ım. Biraqta ol marksizmge tolıq tu`rde qarama-qarsı quralg`an ha`m onın` wazıypası – marksistlik ta`liymattı teoriyalıq biykarlaw bolıp tabıladı.

Neokantlıqtın` payda bolıwı 60-jıllarg`a tuwra keledi. 1865-jılı O. Libman o`zinin` «Kant ha`m epigonlar» kitabında ag`ımnın` tez arada teoriyalıq ra`mzine aylang`an «Kantqa qaytıw» uranın qorg`aydı. Sol jılı F.A. Lange «İsshi mashqalası» kitabında jan`a ag`ımg`a «sotsiallıq buyırtpa» islep shıg`adı: yag`nıy «isshi mashqalası, sonın` menen birge ulıwma sotsiallıq mashqalalar revolyutsiyasızda sheshiliwi mu`mkin»ligin da`liyllew. Son`ın ala neokantshılıqtın` ishinde bir neshe mektepler payda boladı, olardın` ishinde a`hmiyetli ha`m abıroylıları marburg ha`m baden (frayburg) mektepleri edi.

Birinshi mekteptin` tiykarın salıwshısı German Kogen (1842-1918) bolıp tabıladı. Bul mektepke Paul` Natorp, Ernst Kassirer, Karl Forlender, Rudol`f Shtammler ha`m basqalar ag`za boladı. Pozitivistler sıyaqlı marburg mektebinin` neokantshıları du`n`yanı biliw tek konkret «pozitiv» ilimnen dep biledi. Olar du`n`ya ta`liymatı mısalında filosofiyanı «metafizika» sıpatında biykarlaydı. Filosofiyanın` predmeti dep olar tek ilimiy biliw protsessin ta`n aladı. Neokantshı Ril` jazg`anınday: «filosofiya o`zinin` kritikalıq a`hmiyeti boyınsha biliwdin` o`zi haqqında, ilim haqqındag`ı ilim» esaplanadı.

Neokantshılar «orta a`sirdin` o`kinishli miyrası» sıyaqlı tiykarg`ı filosofiyalıq mashqalanı biykarlaydı. İlimiy biliwdin` barlıq mashqalaların olar ob`ektiv barlıqtan tısqarıda, tek g`ana «spontan» (o`z-o`zinen sırtqı ta`sirsiz payda bolatug`ın) sana iskerligi shen`berinde sheshiwge urınadı.

Kanttın` agnostitsizm ha`m sub`ektiv idealizm izbe-izligi ruwxındag`ı ta`liymatın talqılay otırıp, Lenin: haqıyqatında neokantshılar «Yum tiykarında Kantı tazalap atır» dep ko`rsetedi. Bul birinshiden, «na`rse o`zinde»nin` ob`ektiv barlıg`ın ta`n alıwshı Kant ta`liymatının` materialistlik elementten waz keshiwinde sa`wlelenedi. Neokantshılar sırtqı sanag`a qatnasınan, logikalıq pikirlew iskerliginin` ideal shegarasın go`zlewshi, seziw deregi ha`m «tolıq tu`sinikli» ko`z-qarasın o`zgertiwshi «na`rse o`zinde»sin sana ishine ko`shiredi. Ekinshiden, Kant mashqalanı sananın` seziwge ha`m oylawg`a ta`n basqıshının` o`z-ara baylanısınan sheshiwge urınsa, al neokantshılar sezimdi bilimnin` o`z betinshe deregi sıpatında shetke su`redi. Olar Kanttın` tek oylawdın` logikalıq iskerligi haqqındag`ı ta`liymatın saqlap qaladı ha`m jetilistiredi. Onı biliwdin` birden-bir deregi ha`m quram bo`legi dep dag`azalaydı. «Bizler oylawdan baslaymız. Oylawdın` hesh qanday deregi bolmaw kerek, tek o`zin`nen basqa».

Neokantshılardın` aytıwınsha, biliw predmeti berilmegen, al islep shıg`ılg`an, ol ilimnen biyg`a`rez o`mir su`rmeydi, al ilim ta`repinen qandayda bir logikalıq konstruktsiya sıpatında islep shıg`ıladı. Neokantshılardın` tiykarg`ı ideyası to`mendegishe bolıp, bunda oylawdın` o`zinin` nızamıqları ha`m qag`ıydaları arqalı a`melge asırılatug`ın, biliw bul predmettin` logikalıq qurılıwı ha`m kosntruktsiyası bolıp tabıladı. Bizler tek oylaw protsessinde o`zimiz jaratqan na`rsemizdi g`ana biliwimiz mu`mkin. Bul ko`z-qarastan haqıyqatlıq – bul predmet tu`sinigine uyg`ınlıq emes, al kerisinshe oylaw ta`repinen qurılg`an ideal sxemalarg`a predmettin` uyg`ınlıg`ı esaplanadı.

Bunday kontseptsiyanın` gneseologiyalıq tamırları ilimiy biliwdin` formallıq ta`replerin absolyutizatsiyalawg`a, logikalıq kategoriyalardı islep shıg`ıw qa`biletine, ilim xabarları onın` logikalıq formasına oylawdın` aktiv rolin asırıwg`a qaratılg`an.

Neokantshılar zatlardın` onın` biliwi menen o`mir su`riwin qollap-quwatlaydı, olar ob`ektivlik haqıyqatlıq – oylawda onın` ko`rinisi, ta`biyattı du`n`yanın` ilimiy kartinası menen almastıradı. Bunda ta`biyattanıwdın` «insan ruwxının` erkin jaratıwı» dep dag`azalang`an a`hmiyetli tu`sinikleri sub`ektiv-idealistlik pikirlew payda boladı. Demek, Kassireranın` pikirinshe, atom «qattı fizikalıq faktı an`latpaydı, al tek logikalıq talap esaplanadı», al materiya tu`sinigi «matematika ta`repinen jaratılg`an ha`m sınalg`an ideal kontseptsiyalarg`a ten`lestiriledi».

Biliwdin` sheksiz rawajlanıw faktın ha`m onın` absolyut haqıyqatqa jaqınlasıwın esapqa alıp, Kanttın` kategoriyalardın` juwmaqlang`an logikalıq tablitsası ta`liymatınan parıqlı tu`rde neokantshılardın` aytıwınsha, o`zlerinin` kategoriyalarının` oylaw arqalı jaratıw protsessi u`zliksiz dawam etedi. Biliw predmetinin` konstruktsiyası – bul ha`mme waqıt aldımızda turatug`ın, onın` sheshiliwi ushın ha`mme waqıt urınıwımız kerek bolg`an, biraq hesh qashan tolıq sheshiliwi mu`mkin emes sheksiz mashqala esaplanadı.

Ob`ektiv quramg`a iye ha`m tek kategoriyalardı rekonstruktsiyalaw menen ba`nt bolg`an ilim, mazmunı boyınsha tu`siniklerdin` fantasmagoriyasına aylanadı, al onın` haqıyqıy predmeti, ta`biyatı, Natorptın` aytıwınsha, «a`hmiyetlisi tek gipotezalar, keskin aytaman – jasalma jag`daylar juwmaq».

Neokantshılardın` pikirinshe, sotsializm bul – nızamlı ja`miyetlik rawajlanıwdın` ob`ektiv juwmag`ı emes, al bul idealdın` tolıg`ı menen iske aspawın sanalı tu`rde basshılıqqa alıp, bolıwı mu`mkin bolg`an etikalıq ideal esaplanadı. Bul jerde tiykarında maqtawg`a arzımaytug`ın Bernshteynnin` revizionistlik tezisi kelip shıg`adı: «Ha`reket – ha`mmesi, al son`g`ı maqset – hesh na`rse».

Neokantshılıqtın` marburglıq mektebinen parıqlı tu`rde baden mektebinin` wa`killeri ilimiy sotsializmge qarsı tikkeley ha`m ashıq tu`rde

gu`res alıp bardı.

Baden mektebinin` wa`killeri bolg`an Velgel`m Vindel`band (1848-1915) ha`m Genrix Rikkertler (1863-1936) ushın filosofiya belgili da`rejede ilimiy metodologiyag`a, bilimnin` logikalıq strukturasının` analizine ten`lestiriledi. Marburgshılar ta`biyattanıwdın` logikalıq tiykarların idealistlik islep shıg`ıwg`a urındı. Baden mektebinin` alg`a su`rgen oraylıq mashqalası – tariyx iliminin` metodologiyasın jaratıw edi. Olar tariyxta nızamlılıq joq degen juwmaqqa keledi ha`m sonın` ushın tariyx ilimi nızamlardı ashıwg`a talabanlıq etpey, tek individual waqiyalardı su`wretlew menen sheklenedi. Bul ideyalardı da`liyllew ushın Vindel`band ha`m Rikkert «ta`biyat haqqında ilimler» ha`m «ma`deniyat haqqında ilimler» dep printsipial tu`rde bir-birinen parıqlaydı. Bug`an tiykar sıpatında bul ilimler ta`repinen qollanılatug`ın metodlardın` formal qarama-qarsılıg`ın ko`rsetedi.

Barlıq neokantshılar sıyaqlı, Rikkert ilimde tek pikirlew arqalı payda bolatug`ın tu`siniktin` formallıq sistemasın ko`redi. Olardın` payda bolıwı deregi – seziwlik shınlıq ekenin ol biykar etpeydi, biraqta onı ob`ektiv reallıq dep esaplamaydı. «Ha`r qanday shınlıqtın` bolmısı, sanadag`ı bolmıs sıpatında alıp qaralıw kerek».

Rikkerttin` aytıwınsha, ta`biyattanıwg`a qarama-qarsı tariyx ilimi o`zinin` ta`krarlanbas ha`r tu`rliligi menen ayırım waqiyalarda g`ana qızıqtıradı. «Kimde-kim ulıwma «tariyx» haqqında aytsa, ol ayırım zatlardın` individual bag`darı haqqında oylaydı….». Rikkerttin` tastıyıqlawınsha, ta`biyat haqqındag`ı ilimler ha`m ma`deniyat haqqındag`ı ilimler o`zinin` predmeti menen emes, al metodı arqalı bir-birinen parıqlanadı. Ta`biyattanıw, «ulıwmalastırıwshı» metodtan paydalanıp, ta`biyattanıwshılıq ilimlerinin` sistemasında individual ko`rinisti tu`pten o`zgerttiredi. Tariyx bolsa, «individuallastırıwshı» metodtan paydalanıp, ayırım tariyxıy waqiyalardı su`wretleydi. Solay etip Rikkert neokantshılar ta`liymatının` oraylıq puntkine

keledi – bul ja`miyetlik turmıstın` ob`ektiv nızamların biykarlaw bolıp tabıladı. Shopengauerdin` reaktsion pikirlerin qaytalay otırıp, Rikker, Vindel`band sıyaqlı, «tariyxıy rawajlanıw tu`sinigi ha`m nızam tu`sinigi bir-birin o`z-ara baylanıslı halda biykarlaydı» dep aytadı, sebebi «tariyx nızamı tu`sinigi», bul «contradictio in adjecto» bolıp tabıladı.

Vindel`band ha`m Rikkerttin` pikirinshe ta`biyattanıw pa`nlerinin` qa`niygesi, ta`biyattanıw iliminin` tu`sinigin jarata otırıp tek g`ana ulıwmalıqtın` formal printsiplerinen paydalanıwı mu`mkin. Tariyxshı bolsa, ayırım waqiyalardı su`wretlew menen shug`ıllana otırıp, formal` printsipten basqa – ja`nede qosımsha printsip – individualizatsiyag`ada iye bolıwı kerek. Bul printsip og`an sheksiz ko`p tu`rli faktler ishinen za`ru`r bolg`an, tariyx waqiyaları ushın a`hmiyetlisin ayırıp alıw imkaniyatın beredi. Bunday saylaw printsipin neokantshılar ma`deniy qa`diriyatlarg`a baylanıslı waqıyalarg`a da qollanadı. Ma`deniy qa`diriyatlarg`a ta`n bolg`an ha`diyseler, tariyxıy waqiyalar bolıp o`zgeredi. Neokantshılar qa`diriyatlardı logikalıq, etikalıq, estetikalıq, diniy dep bo`lip qaraydı. Biraqta bular qa`diriyatlar ne degen sorawg`a tolıq juwap bermeydi. Olardın` aytıwınsha qa`diriyatlar ma`n`gilik ha`m o`zgermeydi ha`mde «sub`ekt ha`m ob`ektttin` arg`ı ta`repinde jatırg`an o`z betinshe patshalıqtı payda etedi».

Qa`diriyatlar haqqındag`ı ta`liymat sub`ektiv idealizm pozitsiyasında turıp, solipsizmnen (tek pikirlewshi shaxstı birden-bir reallıq dep bilip, ob`ektiv bolmıstı inkar etiwshi o`te ketken sub`ektiv idealiz) qashıw imkaniyatın alg`a su`redi. Filosofiya endi tek g`ana ilimiy biliwdin` logikası bolıp qalmay, al qa`diriyatlar haqqındag`ı ta`liymat da bolıp tabıladı. O`zinin` sotsiallıq a`hmiyeti boyınsha qa`diriyatlar filosofiyası – kapitalizmnin` o`tkir apologetikası (ko`r-ko`rana qorg`aw) esaplanadı. Neokantshılardın` aytıwınsha, barlıq ja`miyetlik turmıstı o`zinde ja`mlewshi ma`deniyat, ob`ektlerdin` jıyındısın yamasa ma`n`gilik qa`diriyatlar a`melge asırıwshı

baxıt-saodattı ko`zde tutadı. Bunday baxıt-saodat burjuaziyalıq ja`miyettin` «baxıt-saodatı» bolıp, bul ma`deniyat ha`m ha`mmesinen de burın burjuaziyalıq ma`mleket edi. Bul, keyin ala xojalıq, yamasa kapitalistlik ekonomika, burjuaziyalıq huqıq ha`m ko`rkem-o`ner; aqırı bul - o`zinde «joqarı qa`diriyattı» tımsal qılg`an shirkew bolıp tabıladı yag`nıy «Quday bul o`zinde barlıg`ın qamtıwshı absolyut qa`diriyat» bolıp tabıladı. Tan` qalarlıg`ı Germaniyadag`ı fashistlik diktatura jılları «qa`diriyatlar filosofiyası» Rikkert ta`repinen fashizmdi aqlaw ushın, anıg`rag`ı rasizmdi «tiykarlaw» ushın qollanıldı.

XIX-a`sirdiq aqırında barlıq ko`zge ko`ringen idealistlik ag`ımlar ishinde neokantshılar ko`birek marksizmdi biykarlawg`a yamasa ishinen bo`lip taslawg`a urıng`an edi. Sonın` ushında Engel`ske neokantshılar menen gu`resiw tuwra keldi. Biraq bul reaktsion ag`ımnın` abıroyın tu`siriwde Leninnin` xızmetler sheshiwshi boldı. V.İ. Lenin, ha`mde G.V. Plexanov ha`m basqada marksistlerdin` neokantshılıq ha`m marksizmnin` neokantshılıq reviziyasına qarsı gu`resi – marksistlik filosofiyanın` a`hmiyetli waqiyalarının` biri edi.

Tek g`ana Germaniyada emes al onnan basqada ellerde burjuaziyalıq filosofiyalıq ha`m ja`miyetlik oy-pikirlerdin` rawajlanıwına u`lken ta`sirin tiygizgen neokantshılıq, XX-a`sirdin` ekinshi on jıllıg`ında ıdıray basladı ha`m birinshi ja`ha`n urısınan son` o`zinin` a`hmiyetin jog`alttı.

# JUWMAQLAW

XX-a`sir bir qansha Batıs Evropa ma`mleketlerinde da`slepki burjuaziyalıq revolyutsiyaları bolıp o`tip, sanaatta burjua islep shıg`arıw qatnasıqları ornatıla baslandı. Sanaattın` talabı menen ilim-pa`n, ta`byattanıwdın` ha`r qıylı tarmaqları rawajlana basladı. Aldınları bir pu`tin dep esaplang`an ta`biyattanıwshılıqtan ilimnin` ha`r qıylı tarawları ajıralıp, o`z betinshe rawajlanıw basqıshına o`tedi. Sonın` ushında bul da`wir sotsiallıq turmıstın` ha`mme tarawlarında Jan`a da`wir dep ataladı. Mine usınday sharayatlarg`a say tu`rde filosofiyalıq pikirler rawajlanıwı ju`z beredi

Shınında da XX-a`sirde adamzattın` tsivilizatsiyanın` ilimiy-texnikalıq progress boldırg`an jetiskenliklerine kewli tolıp, onnan la`zzetleniwi jeterli da`rejede a`melge astı dew menen shekleniw onshelli durıslıqqa kelmese kerek. Nege degende bu`ginliginde sol na`rse belgili bolıp atır, adamzat o`zin-o`zi pu`tkil planetalıq da`rejede tanıp biliw da`rejesine ko`terilgen payıt ilimnin`, texnikanın` jetiskenliklerin aqılg`a sıyımlı da`rejede g`ana paydalanbasa, demek onı basqarıwdın` ma`deniyatın iyelewge ku`sh salmasa, onda tsivilizatsiyanın` jetiskenliklerinen birotala maxrum bolıp qalıwı ha`m ta`a`jip emes. Biraq bul aktuallıqqa iye wazıypanı sheshiw haqıyqatlıq, ulıwma bolmıs tuwralı teren` bilimge iye bolıwdı talap etedi. Bunı aytpag`annın` o`zinde ha`m adamlar misli Shekspirdin` Gamleti sıyaqlı ha`r qashan bolmıs, barlıq ha`m bolmaslıq tuwralı waqıtlar baylanısı u`zilgende, burın bekkem ko`ringen adamzat o`mirinin` tiykarına baylanıslı gu`manlang`an, pikir ju`ritken. Onın` u`stine «bar bolıw ya joq bolıw» (bıt` ili ne bıt`) ma`selesi bu`ginliginde globallıq da`rejege qoyılar eken, bolmıstın` a`piwayı o`mirlik alg`ı sha`rtlerinen quramalı filosofiyalıq

pikir ju`ritiwlerge, da`lillew menen juwmaqlarg`a o`tiwdin` za`ru`rligi o`zinen-o`zi tu`sinikli. Solay eken, bolmıstın` ne ekenligin tanıp biliw ha`m pu`tkil barlıqqa gumanistlik qatnasta bolıw praktikalıq jaqtan ha`m ilimiy jaqtan ha`m ju`da` za`ru`rli.

Ulıwma alg`anda, XIX-a’sir aqırı XX-a`sirden baslap, Batıs Evropada filosofiyanın` ilimiy du`n`ya qaras da`rejesine o`tiw da`wiri baslanadı.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI:


1. I.A. «Karimov Istiqlol va ma`naviyat». –Toshkent., «O`zbekiston», 1994y.

2. I.A. Karimov «Bizdan ozod va Obod vatan qolsin». –T. «O`zbekiston», 1994y.

3. I.A. Karimov «Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir» – Toshkent, O`zbekiston, 1996y.

4. I.A. Karimov. «Tarixiy xotirasiz kelejak yuq». T., «Sharq», 1998y.

5. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir». Toshkent. «O`zbekiston» 2000y.

6. I.A. Karimov «Inson manfaatlari ustuvorligini ta`minlash barcha islohat va o`zgarishlarning bosh maqsadi». T. «O`zbekiston» 2008y.

7. I.A. Karimov «Inson manfaatlari, huquq va erkinliklari – eng oliy qadriyat». T. «O`zbekiston» 2005y.

8. I.A. Karimov. O`zbekstonning o`z istiqlol va taraqqiyot yo`li. T., «O`zbekiston», 1992

9. I.A. Karimov. Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch. T., «Ma`naviyat»-2008

10. Karimov İ.A. Ma`mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja`nede teren`lestiriw ha`m puxaralıq ja`miyetin rawajlandırıw kontseptsiyası: O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jlisi Nızamshılıq palatası ha`m Senatının` qospa ma`jilisindegi bayanatı. 2010-jıl 12-noyabr.

11. I.A. Karimov O`zbekston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent. «O`zbekston» 2011

12. «Falsafa» (Yusupov E. tahriri ostida) – T.: 2006.

13. «Falsafa» (Axmedova M). – T., 2006 yil.

14. Yangi va eng yangi davr G`arbiy evropa falsafasi. T., “Sharq” 2002

15. I.Karimov, M.Rustamova. Falsafa fani tarixi va nazariyasi. (Metodik qo`llanma). T., TDPU 2007 yil.

16. N. Shermuhammedova. Falsafa. Darslik. T. 2009yil.

17. J. Bazarbaev Milliy ideya - bizin’ ideyamız. -N., 2003

18. J. Bazarbaev Adep filosofiyası. -N., 2010

19. J. Bazarbaev «Milliy ideya – jol ko’rsetiwshi juldız». N. «Qaraqalpaqstan» 2011

20. J.Tulenov. Borliq falsafasi. Uchinchi kitob. T., 2001.

21. Falsafa o`quv qo`llanmasi. T., 1999.

22. Falsafa: qomusiy lug`at (tuzuvchi va mas`ul muharrir q.Nazarov).- T.: «Sharq» nashriyot-matbaa aktsiyadorlik kompaniyasi Bosh tahririyati. 2004.